

## Rezime Egzekitif

### Apèsi

Nan sware mèkredi 1ye septanm 2021 an, rès Siklòn Ida te ateri New York. Byenke yo te reklase tanpèt la nan kategori siklòn pòs-twopikal nan moman sa a, li te bat rekò Minisipalite a pou plis lapli ki tonbe pandan inèdtan. Li te lakoz inondasyon toupatou epi li te fè dega ki koute plizyè dizèn milyon dola epi li te touye 13 moun nan Vil New York. Dat ki te 5 septanm 2021 an, Prezidan Joseph R. Biden, Jr. te pibliye yon deklarasyon pou gwo katastwòf nan Eta New York ([4615-DR-NY](#)).

Nan dat 22 mas 2022, Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini te anonse Minisipalite New York ("Minisipalite a") ap resevwa yon finansman \$187,973,000 pou li kore jefò pou relans alontèm k ap fèt apre dega Siklòn Ida fin fè yo. Se Biwo Jesyon ak Bidjè Minisipalite a ki pral alatèt jefò sa yo. Li te anonse alokasyon sa a nan Avi Rejis Federal ki gen pou tit *Allocations for Community Development Block Grant Disaster Recovery (CDBG-DR) and Implementation of the CDBG-DR Consolidated Waivers and Alternative Requirements* (Vol. 87, No. 100, 5/24/2022, [87 FR 31636](#), "Avi HUD la") ki gen fon yo rann disponib gras ak Lwa sou Afektasyon Kredi Siplemantè pou Èd lè gen Katastwòf, ane 2022 ([Lwa Publik 117-43](#)).

Yo dwe itilize fon yo pou "èd lè gen katastwòf, relans alontèm, reparasyon enfrastrikti ak lojman, relans ekonomik, ak limitasyon dega, nan zòn ki plis afekte yo ak zòn ki bezwen plis èd yo". Plan Aksyon sa a idantifye fason Minisipalite a ap itilize alokasyon CDBG-DR la pou li kore jefò relans ak jefò rezilyans yo, tankou kritè elijiblite, fason fon yo pral reponn ak bezwen ki pa satisfè yo, ak fason Minisipalite a pral koube anba egzijans ki gen pou wè ak zafè finansman an. Minisipalite a pibliye plan sa a pou yon peryòd kòmantè piblik 30 jou ki ap fini 26 septanm 2022. Anplis, Minisipalite a pral òganize yon odyans piblik 14 septanm 2022 a 7:00 nan apremidi Lè Nòmal Lès (EST) pou li mande fè plis kòmantè.

### Apèsi sou Katastwòf

Malerezman, pa gen okenn rezidan New York ki pa abitye ak move tan. Antanke yon vil ki bò lanmè sou bòdmè lès la, depi lontan rezidan yo konnen Vil New York kapab sibi vag chalè, tanpèt nèj, ak inondasyon zòn kotyè yo. Sepandan, nan sezon ete 2021 an, yon seri gwo tanpèt te montre aklè gen yon lòt menas ki pandye sou tèt nou toutbonvre ki se: anpil gwo lapli ki ap lakoz inondasyon anndan vil la. Soti 8 jiyè avèk Tanpèt Twopikal Elsa epi rive 1<sup>ye</sup> ak 2 septanm avèk Siklòn Pòs Twopikal (Post Tropical Cyclone, PTC) Ida, te genyen twa (3) tanpèt ki frape vil la. Yo chak te bay lapli ki te genyen sèlman yon poustan chans oswa mwens pou yo tonbe pandan yon ane. Tanpèt Twopikal Henri, ki te pase 21 out, te bat rekò minisipalite a pou kantite lapli ki te tonbe nan yon sèl gress èdtan. Rekò a pa t rete, Siklòn Pòs Twopikal Ida te depase li 10 jou apre.


Minisipalite a ap fè preparasyon pou gwo lapli depi plizyè ane - Minisipalite a pibliye yon Plan Rezilyans fas ak Dlo Lapli nan mwa me 2021 an - men, yon siklòn ki gen fòs ak raj Siklòn Pòs Twopikal Ida potko janm frape rejyon an oparavan. Byenke tanpèt twopikal oparavan pandan sezon ete yo te bay gwo lapli, evènman sa yo te pase sou peryòd tan ki pi long epi pa t gen gwo

lapli san kanpe Ida te pote yo. Pou premye fwa nan listwa, Sèvis Meteyo Nasyonal la te soti yon Alèt Inondasyon pou Vil New York. Nan Staten Island, Ida te bay plis pase nèf (9) pou lapli nan mwens pase 12 èdtan, kote te gen yon bon valè ki te tonbe nan espas twazèdtan. Nan Iwès Bronx, plis pase twa (3) pou lapli te tonbe nan inèdtan.

Anplis kantite lapli Ida te bay antou, tanpèt la te enpòtan tou pou kote inondasyon an te fèt la. Lapli tanpèt la t ap bay san rete te anvayi sistèm tou rego Vil la, ki nòmalman kapab pran 1.75 pou lapli pa èdtan. Pa konsekan, dlo te monte nan lari yo epi vide an kaskad nan sistèm metwo a, kav yo ak besment yo sitou nan zòn anndan ki deyò plèn ki gen yon poustan chans pou li inonde chak ane. Selon analiz Minisipalite a fè sou pwopriyete ki andomaje yo, se sèlman 6.9% nan biling Ida frape yo ki nan plèn ki gen yon poustan chans li inonde chak ane, epi 13.7% nan plèn ki gen 0.2% chans pou li inonde chak ane.


Selon estimasyon Minisipalite a, anviwon 33,500 biling te sibi dega, anviwon 3.3% nan tout biling ki nan minisipalite a. Byenke moun te santi enpak Ida nan toule senk (5) minisipalite yo, tanpèt la te sitou fè enpak nan minisipalite ki sou deyò yo. Nan pwopriyete ki andomaje yo, 39.9% te nan Queens, 26.7% te nan Brooklyn, 18.7% te nan Bronx, epi 12.7% te nan Staten Island tandiske sèlman 2.0% te nan Manhattan. Pa konsekan, Deklarasyon Katastwòf Prezidan te pibliye a te chwazi Konte Bronx, Konte Kings (Brooklyn), Konte Queens, ak Konte Richmond (Staten Island) pou di yo elijib pou pwogram Asistans Endividyl ak Piblik FEMA a, tandiske Konte New York (Manhattan) elijib sèlman pou Asistans Piblik FEMA a. Anplis, HUD pa t mete Manhattan nan lis zòn ki plis afekte ak zòn ki bezwen plis èd yo ta dwe prioyize fon CDBG-DR la pou yo.

**Imaj 1: Kat Deklarasyon Katastwòp pou Eta New York**




Nan minisipalite yo se, Queens ak Brooklyn te genyen plis pwopriyete ki andomaje. Men, lè ou ap gade dega yo sou yon baz Zòn Tabilasyon Distri Kominotè (Community District Tabulation Area, CDTA), dega yo yon tijan parèt egalego nan toule kat minisipalite ki plis afekte yo: pa gen okenn CDTA ki te reprezante plis pase 7.1% nan pwopriyete ki andomaje yo.


**Imaj 2: Kat ki Montre Pwopriyete ki Andomaje**



Imaj 3: Pwopriyete ki Andomaje selon CDTA – Selon Kantite Bilding ki Andomaje



Imaj 4: Pwopriyete ki Andomaje selon CDTA – Selon Pousantaj Bilding nan CDTA ki Andomaje



Tanpèt la te fè yon enpak demezire sou pwopriyete rezidansyèl yo tou: plis pase 92% nan pwopriyete ki andomaje yo se te estrikti rezidansyèl menm si pwopriyete rezidansyèl yo reprezante mwens pase 87% nan tout biling yo nan tout minisipalite a. Biling ki gen espas komèsyal yo, tankou biling izaj miks yo, reprezante 7.5% nan biling ki afekte yo. Anviwon 800 biling ki andomaje se te biling komèsyal sèlman, sa ki reprezante 2.4% nan tout biling ki afekte yo. Dega ki te fèt nan pwopriyete komèsyal yo te plis gen pou wè ak estòk epi ekipman ki pèdi olye se dega estriktirèl.

Tousuit apre Ida fin pase, Depatman Biling Vil la te enspekte plizyè milye biling nan tout vil la. Apre enspeksyon an, yo te jwenn gen 116 biling ki pa t bon pou moun rete ladan yo oswa nan yon pati ladan yo. Anplis, enspeksyon FEMA fè jiska preznan yo idantifye 10 biling rezidansyèl ki te kraze, epi 1,282 ladan yo te sibi gwo dega. Byenke dega yo te mwens grav pase tanpèt anvan yo, tankou Siklòn Sandy, anndan tè yo, nivo dega yo nan minisipalite ki sou deyò yo, ak rapidite lapli a reprezante yon gwo chanjman nan fason Minisipalite a reyaji fas ak move tan yo ak fason li prepare li pou yo.

Selon premye analiz Minisipalite a, nou kapab regwoupe bezwen Vil la genyen nan zafè finansmanan an sis (6) domèn prensipal:

### **Kay pou Yon Sèl Fanmi ak Apatman nan Besment**

Ti biling rezidansyèl yo te sibi yon enpak demezire: byenke kay pou yon fanmi ak kay pou de fanmi yo reprezante 52% nan biling yo nan tout minisipalite a, yo konpoze 75% nan biling Ida frape yo. Ou jwenn pwopriyete andomaje sa yo nan tout minisipalite a, menm si yo konsantre nan Queens, Brooklyn, ak Bronx, gen anpil ladan yo ki nan kominote kote ki gen moun ki gen ti revni yo ak kominote imigran ki gen yon gwo pouvantaj pou yo se popilasyon ki an danje. Pifò dega ki fèt nan kay ki pou yon sèl fanmi yo (1-4 apatman) se inondasyon nan espas anba sòl oswa nivo sòl la ki lakoz yo (pa egzanp, besment, etaj anba).

#### *Apatman nan Besment*

Gen plizyè dizèn milye rezidan New York ki rete nan apatman ki anba sòl nan Vil la. Apatman sa yo souvan pa genyen egzijans sekirite debaz yo, sa ki fè lokatè yo gen plis risk pou inondasyon, dife, ak lòt danje yo. Men, apatman sa yo reprezante yon sous kle tou pou lojman abòdab epi se yon gwo opòtinite pou Vil la atenn objektif lojman abòdab li genyen yo. Apatman sa yo jeneralman ofri lwave ki pi modès epi rezidan New York ki gen ti revni yo, tankou gwoup moun ki defavorize sou mache lojman yo kapab jwenn yo pou anfèmen. Epitou, apatman nan besment yo se yon dezyèm sous revni pou pwopriyetè yo, ki souvan se ti pwopriyetè ki ap viv nan kay la. Kòd ak règleman ki konplèks epi ki pase mòd rann li difisil pou pèmèt moun itilize apatman sa yo nan tout sekirite ak legalite. Amelyorasyon sekirite pou moun ki nan besment yo, sitou pandan inondasyon, se yon gwo priyrite pou Minisipalite a.

### **Refoulman Dlo Tou Rego**

Dega yo fèt lè yo dlo inondasyon yo pase nan fenèt ak pòt yo, epi lè dlo tou rego yo pase nan ekipman plonbri yo pou refoule nan kay yo. Vav pou anpeche dlo refoule nan kay yo redui posiblite pou gen refoulman vye dlo tou rego nan besment yo epi se yon mwayen ki pa chè pou evite dega ki koute plizyè dizèn milye dola. Pou kounye a, Minisipalite a ap etidye kote enstalasyon vav yo ap pi efikas pou pwopriyetè yo.

## Lojman Piblik

Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) posede epi jere plis pase 170,000 apatman lojman piblik apeprè yon demi milyon rezidan New York konsidere kòm kay yo. Anpil nan fanmi sa yo p ap kapab jwenn yon apatman ki abòdab sou mache lojman Minisipalite a ki deplizanpli chè epi konpetitif. Prezèvasyon segman enpòtan sa a nan pak lojman abòdab la - alafwa pou moun ki rete nan kay NYCHA yo jounen jodi a ak jenerasyon k ap vini yo - se yon gwo priyrite pou Minisipalite New York.

Ida te frape anviwon 230 biling NYCHA, genyen 12 kay ak apatman nan Bronx, Brooklyn, ak Queens ki sitou te sibi gwo dega. Selon estimasyon NYCHA yo, dega yo poukонт yo koute omwen \$150 milyon dola. Menm si yo prevwa asirans kont inondasyon, Asistans Piblik FEMA, èd Eta New York ap bay, ap garanti yon gwo pati nan kòb sa a, NYCHA ap bay yon pati nan kòb sa a. Anplis, travay reparasyon ki gen pou wè ak siklòn Ida a bay yon opòtinite pou entegre jefò limitasyon dega pou evite gwo dega, ak gwo depans, evènman k ap vini yo ap lakoz.

## Sensibilizasyon ak Lòt Sèvis Piblik

### *Enfòmasyon Piblik*

Siklòn Pòs Twopial Ida te frape moun ki gen konpetans Anglè limite (limited English proficiency, LEP) yo fò. Selon rapòtaj medya yo, plizyè viktim Ida te fè nan Vil New York pa t pale Anglè oswa yo te gen konpetans limite nan Anglè. Byenke Minisipalite a kapab pibliye alèt ijans nan plizyè lang atravè sèvis Notify NYC li a, Sèvis Meteyo Nasyonal la pa kapab fè sa li menm. Anplis, fòk itilizatè yo enskri pou yo resevwa alèt Notify NYC yo olye pou yo resevwa yo plizoumwen otomatikman, piske se konsa l ye pou alèt NWS ki baze sou pozisyon moun. Jan Ida montre sa, fòskote ki genyen nan enfòmasyon yo kapab fè gen gwo enpak ak enpak demezire sou kominate LEP yo epi notifikasyon bonè epi ki aksesib se bagay ki enpòtan anpil pou pwoteje ak sove lavi moun.

### *Asirans kont Inondasyon*

Minisipalite a ap planifye epi mete sou pye yon pil pwojè pou li jere gwo lapli yo, men sa ka pran plizyè ane oswa plizyè deseni anvan nou rive wè tout rezulta jefò sa yo. Anplis, Minisipalite a p ap janm kapab anpeche tout inondasyon yo fèt. Etandone gen gwo lapli ki vin ap tonbe pi souvan, Minisipalite a ap fòme epi ankouraje rezidan yo pou yo pwoteje tèt yo nan achte asirans kont inondasyon menm lè yo nan zòn anndan kote li nòmalman pa obligatwa. Minisipalite a rekonèt epi li ap travay avèk patnè federal li yo pou li fè fas kare ak pri kontra asirans yo k ap ogmante. Men, lè ou achte asirans kont inondasyon, se pi bon mwayen pou anpeche ravaj finansye yon inondasyon ka fè. Epitou, Minisipalite a ap travay avèk pwopriyetè ak lokatè yo pou li fè yon kontwòl rezilyans ak modènizasyon pou bese pri asirans lan.

## Rezilyans ak Limitasyon Dega

Minisipalite a fè envestisman pou fè transfòmasyon nan zafè jesyon dlo lapli ki ap amelyore kalite dlo epi ki ap prepare pou chanjman klimatik la. Men, li toujou nesesè pou li fè plis bagay. Minisipalite a te devlope epi li pral devlope plizyè apwòch pou li rann vil la pi rezilyan, tankou

- Sistèm enfrastrikti vèt ki ranmase dlo lapli nan lari, sou twotwa, ak lòt sifas ki di yo anvan li antre nan sistèm tou rego yo oswa lakoz inondasyon lokal;

- Zòn senti ble (bluebelts) ak zòn imid ki transpòte, konsève, epi filtre presipitasyon oswa dlo lapli k ap koule a;
- Amelyorasyon enfrastrikti gri ki pral ogmante kapasite tou rego, izin ki fè tretman dlo, estasyon ponpaj, elatriye; epi
- Entegre rekonpans pou limitasyon dega ak rezilyans nan tout etablisman yo nan Minisipalite a (pa egzanp, lopital, lekòl, zòn lwazi ak espas piblik, sèvis piblik, sant evakyasyon) ak pwogram yo (pa egzanp, èd pou ti biznis, lojman abòdab, jefò pou devlopman mendèv).

## Planifikasyon

Anfen, Ida te mete anfaz sou plizyè domèn kote Minisipalite a, patnè gouvènmantal li yo, ak lòt aktè yo ta kapab amelyore. Domèn sa yo gen ladan yo, men gen toujou:

- Fè etid sou zòn ki gen espas espesifik pou ka fè amelyorasyon nan jesyon dlo lapli;
- Planifye pou pi byen evakye moun ki rete nan espas sousòl yo sizoka ta gen yon inondasyon bridzoukou;
- Identife kote apatman ki nan besment ak kav yo ye ak fason yo ka pwoteje yo pi byen kont inondasyon, dife, elatriye;
- Amelyore metòd pou prevwa, kontwole, suiv ak evalye enpak move tan yo; epi
- Evalye teknoloji ak metòd oriijinal pou redui degajman kabòn epi ogmante rezilyans.

## Rezime

### Prensip Debaz

Anvan ak pandan elaborasyon Plan Aksyon sa a, Minisipalite a te chita pale avèk rezidan ki sinistre yo, pwopriyetè biznis lokal yo, founisè sèvis yo, Eta New York, NYCHA, gouvènman federal la, ak lòt aktè yo pou l asire li jan Minisipalite a te prevwa itilize fon yo reponn ak bezwen yo identife yo epi li kadre avèk lòt jefò relans yo. Lè Minisipalite a t ap chwazi inisyativ finansman yo, li te priyoriez pwogram ki la pou ede moun ki pi fèb yo nan Minisipalite a, redui kantite moun ki mouri epi ki pèdi pwopriyete yo alavni, epi ki reponn ak kritè elijiblite pou sibvansyon CDBG-DR la. Jan sa dekri nan Avi HUD la, fòk yo depanse omwen \$150,378,400 nan alokasyon Minisipalite a nan zòn ki plis afekte ak zòn ki bezwen plis èd HUD defini nan Bronx, Brooklyn, Queens, ak Staten Island. Anplis, fòk yo itilize omwen 70% nan sibvansyon an pou ede moun ak zòn ki gen ti revni ak revni modere yo.

Pwogram yo pwopoze pou finansman yo gen ladan yo aktivite ki gen pou wè ak lojman, enfrastrikti, relans ekonomik, sèvis piblik, planifikasyon ak jesyon sibvansyon. Aktivite yo finanse yo se

- Konsèy finansye ak èd pou jwenn asirans kont inondasyon pou ti pwopriyetè ak lokatè yo;
- Repare lojman piblik epi kreye plis pwopriyete ki rezilyan;
- Sibvansyone amelyorasyon rezilyans nan lojman ki pou yon sèl fanmi yo;
- Ajoute espas kominotè ki rezilyan nan lojman ki abòdab yo;
- Ogmante kapasite distri komèsyal lokal yo pou yo reyaji fas ak katastwòf yo;
- Devlope rezo enfrastrikti vèt minisipalite a;

- Fè aksyon pou sansibilize ak enfòme moun sou danje ki pandye sou kominote ki fèb yo; epi
- Fè plan pou relans ak rezilyans.

Byenke se Biwo Jesyon ak Bidjè Minisipalite a ki ap antite prensipal k ap jere sibvansyon an, mete pwogram sa yo sou pye se ap yon jefò kowòdone plizyè ajans nan Minisipalite a ap fè ant yo. Minisipalite a ap kontinye jefò pou angajman sitwayen yo pandan tout tan sibvansyon sa a ap dire epi li ap fè ajisteman lè sa nesesè.

### *Pwopozisyon Montan Alokasyon*

**Tablo 1: Alokasyon Pwogram CDBG-DR**

Pwogram	Alokasyon	Avantaj yo Prevwa pou Moun ki gen Ti Revni ak Revni Modere	Avantaj yo Prevwa pou Zòn MID yo
<u>Lojman</u>			
Asirans kont Inondasyon ak Konsèy Finansye	123,200,000	110,460,000	117,495,239
Reparasyon Lojman Piblik ak Pwogram Rezilyans	1,000,000	510,000	800,000
Amelyorasyon Rezilyans nan Lojman ki pou yon Sèl Fanmi yo	88,200,000	88,200,000	87,695,239
Espas Kominotè ki Rezilyan nan Lojman ki Abòdab yo	25,000,000	12,750,000	20,000,000
	9,000,000	9,000,000	9,000,000
<u>Enfrastrikti</u>			
Devlopman Enfrastrikti Vèt	30,000,000	30,000,000	30,000,000
<u>Relans Ekonomik</u>			
Ranfòsman Kapasite pou bay Repons Annijans nan Distri Komèsyal Lokal yo	450,000	229,500	360,000
<u>Sèvis Piblik</u>			
Ogmantasyon Sansibilizasyon sou Danje ak Sansibilizasyon Kominotè	6,716,000	3,814,850	4,862,000
<u>Planifikasyon</u>			
Fè plan pou relans ak rezilyans	20,369,000	N/A	5,348,812
<i>Total Pwogram ki pa Pwogram Administratif</i>	<i>180,735,000</i>	<i>144,504,350</i>	<i>158,066,051</i>
		80%	87%
<u>Administrasyon</u>			
Administrasyon CDBG-DR	7,238,000	5,787,050	6,330,163
	<b>Total</b>	<b>187,973,000</b>	<b>150,291,400</b>
			<b>164,396,214</b>

## *Bezwen ki pa Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon*

Selon Evalyasyon Bezwen ki pa Satisfè nan pwochen seksyon nan Plan sa a, Minisipalite a te estime yon bezwen ki pa satisfè pou \$320,205,695. Estimasyon sa a baze sou pi bon done ki disponib pou Minisipalite a nan epòk la, sitou enfòmasyon ki soti nan FEMA, Administrasyon Ti Biznis Etazini ak analiz Minisipalite a. Men, Minisipalite a ap mete seksyon ki gen pou tit bezwen ki pa satisfè yo ajou nenpòt lè gen nouvo done enpòtan ki disponib.

**Tablo 2: Bezwen ki pa Satisfè ak Pwopozisyon Alokasyon**

Kategori	Bezwen ki Pa Satisfè ki Rete	% nan Bezwen ki Pa Satisfè	Alokasyon	% nan Alokasyon Pwogram
<b>Lojman</b>	\$188,600,000	58.9%	\$123,200,000	65.5%
<b>Enfrastrikti</b>	\$86,151,695	26.9%	\$30,000,000	16.0%
<b>Relans Ekonomik</b>	\$0	0.0%	\$450,000	0.2%
<b>Sèvis Piblik</b>	\$6,716,000	2.1%	\$6,716,000	3.6%
<b>Planifikasyon</b>	\$31,500,000	9.8%	\$20,369,000	10.8%
<b>Frè Administratif</b>	\$7,238,000	2.3%	\$7,238,000	3.9%
<b>Total</b>	<b>\$320,205,695</b>	<b>100.0%</b>	<b>\$187,973,000</b>	<b>100.0%</b>